



# DIS MEYÈ KONSÈY SOU: MEDYA SOSYAL

FASON POU PWOTEJE REPITASYON OU SOU ENTÈNÈT



## ANPRENT DIJITAL

Entèraksyon ou sou Entènèt kite yon tras pèmanan. Kèlkeswa sa ou poste sou Entènèt ou pa ka retire l, menmsi ou efase li. Kolèj ak moun k ap fè rekritman, moun ki kapab ba ou travay, ak paran ou ka tcheke prezans ou sou medya sosyal.



## DYALÒG ENTÈLIJAN

Montre ladrès ou kòm yon lidè e amelyore kredibilite ou sou Entènèt nan angaje w nan konvèsasyon ki fè sans. Si yon kesyon oubyen yon enkyetid mande pou w bay opinyon ou, li nòmal pou w ekspriye w nan yon fason ki sosyalman responsab.



## KONTNI KI KONVNAB

Montre ou natirèl e enteresan. Poste kontni ki fè diferans e enteresan, ki ap valorize prezans ou sou medya sosyal.



## REZO POZITIF

Sèvi ak medya sosyal pou rete konekte avèk zanmi, fanmi, ansyen kondisip ak lòt moun ki pataje menm enterè avèk ou.



## KONTNI KI APWOPRIYE

Itilize bon sans ou. Si kontni w ap poste a denigran, twò seksyèl, ilegal, vilgè, konfidansyèl oubyen ou kopye l sou lòt moun, li pa apwopriye pou medya sosyal.



## KONSANTRE SOU LADRÈS OU

Demontre ladrès ak enterè san parèy ou genyen nan pataje tout bon bagay sou ou, tankou klib oubyen pwojè sèvis kominotè ou patisipe ladan yo.



## PWOTEJE IMAJ OU

Jere idantite dijital ou. Aktivite w sou Entènèt dwe reprezante pèsonalite w ak fason ou vle moun konsidere ou. Pa poste materyèl ki ka detwi repitasyon ou.



## PRAN KONSYANS DE IMAJ OU

Pa poste foto oubyen videyo ou pa ta vle granmè w wè. Asire w ou konnen tout foto ak videyo ki idantifye w e asire w yo pase menm tès la.



## REFLECHI AVAN W POSTE

Pa poste anyen sou Entènèt ou pa ta di yon moun an pèsòn oubyen nan yon andwa piblik.



## MO KA BLESE

REFIZE fè nuizans sou Entènèt! Si ou menm oubyen yon moun ou konnen ap sibi nuizans, rapòte enfòmasyon sa a nan Liy Telefòn Anonim sou Nuizans/Arasman an nan 305-995-CARE.